



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 16 oktòb 2013

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTWIKSYON OFISYÈL NEW NY BRIDGE POU RANPLASE TAPPAN ZEE**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kòmansman konstwiksyon ofisyèl New NY Bridge pou ranplase Tappan Zee avèk enstalasyon premye pilye pèmanan k ap gen ladan fondasyon nouvo pon an. Pon an pwograme pou fini nan sèlman mwens pase senkan apati kòmansman konstwiksyon ofisyèl la pou fè li vin youn nan pi gwo pwojè konstwiksyon nasyon an pou fini nan yon tan kout konsa.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Semèn sa a, n ap mete pèl nan tè pou kòmanse konstwiksyon sou yon nouvo pon pou ranplase Tappan Zee, pi gwo pwojè enfrastrikti Eta New York te nan plizyè deseni. Apre plis pase yon deseni reta, Eta New York vanse nan pwojè sa a nan yon ritm ki lan pandan n ap travay avèk kominote a, pou fè piblik la patisipe epi pou pwoteje anviwònman lokal la. Lè pwojè a fini, chofè ki nan Rockland, Westchester ak nan zòn toupre yo pral finalman gen yon pon ki pi solid, mwen ankonbre k ap gen ladan yon twotwa pou pyeton ak siklis yo epi k ap adapte pou transpò komen pidevan.”

“New NY Bridge se pi gwo pwojè enfrastrikti transpò nan Amerik-di-Nò ak youn nan pi gwo kontra konstwiksyon nan istwa Eta New York. Prezidan Thruway Authority, Howard P. Milstein, di konsa, “Thruway Authority gen rekonesans pou bon jan kalite dirijan ak sipò Gouvènè Cuomo, ak pou devouman tout ajans federal ak ajans leta ki patisipe. Nou sou wout pou fini koneksyon enpòtan sa a nan enfrastrikti transpò rejyonal noun an alè epi nan limit bidjè nou.”

Lè li fini, New NY Bridge pral vle di mwens blokis pou chofè yo, avèk uit liy sikilasyon, kat liy separasyon/ijans, ak sistèm kontwòl sikilasyon dènye modèl, ak yon liy otobis pasaje k ap fonksyone nan jou li louvri a. Nouvo pon an yo deziyen epi konstwi pou pare pou transpò komen pral kapab adapte pou tranzit rapid otobis, chemennfè lejè oswa chemennfè banlye. Pon ki gen de trave a ap gen ladan tou yon chemen bisiklèt ak yon chemen pyeton.

### **Premye Konstwiksyon ki Gen Kamera Andirèk**

Premye nan plizyè kamera konstwiksyon ki sofistike anpil kote yo enstale epi ki kapab fasil pou wè sou sitwèb pwojè a, [NewNYbridge.com](http://NewNYbridge.com), anba ikòn ‘Construction Cameras’.

Haitian Creole

Piblik la kapab jwenn dènye enfòmasyon sou pwogrè New NY Bridge avèk obsèvasyon nan kamera konstwiksyon ak kalandriye achiv entè-aktif.

### **Kalandriye Konstwiksyon an**

- Dragaj pou prepare pou konstwiksyon pon an ap fèt san rete jouk 1ye novanm, epi l ap fèt pandan mwa out, septanm ak oktòb 2014.
- Oktòb 2013: Enstalasyon pilye pèmanan pou trave prensipal ap kòmanse
- 2013 novanm: Enstalasyon pilye pèmanan ap kòmanse pou wout aksè yo
- Mas 2014: Travay la ap kòmanse sou sou-estrikti wout aksè yo
- Jen 2014: Travay ap kòmanse sou sou-estrikti trave prensipal la.
- Septanm 2014: Travay ap kòmanse pou ereksyon sipè-estrikti a
- Fen ane 2014 / kòmansman ane 2015: Travay ap kòmanse sou enstalasyon kab metalik
- Fen ane 2016: Finisman trave nò
- Desanm 2016: Chanjman sikilasyon nan direksyon lwès pou mete nan nouvo trave nò a
- Fevriye 2017: Chanjman sikilasyon nan direksyon lès pou mete nan nouvo trave nò a
- Fevriye 2017: Kòmansman demolisyon pon ki la deja a
- Fen ane 2017: Toulède trave yo fini
- 2017 novanm: Chanjman sikilasyon an nan direksyon lès depi nan nouvo trave nò a pou mete li nan nouvo trave sid la
- Avril 2018: Finisman fizik pwojè a
- Jiyè 2018: Akseptasyon final pwojè a

### **Pwosesis Konstwiksyon Fondasyon an**

Yo itilize yon baj pou mete pilye asye yo kreye sitou pou chak pozisyon pilye a nan chantye konstwiksyon an. Yo mete chak pilye nan plizyè mach. Toudabò, yon vibwofonsè sekwe pilye a, pou lakòz li antre nan sòl limon an anba rivyè a pou rete nan kèk pye liy dlo a. Answit, yo mete soude yon dezyèm pilye nan premye a pou fè yon pilye pi long, epi yo teste ak enspekte soudi a. Answit, yo mete rès longè ki nesèsè pou sipòte pon an, avèk yon vribwofonsè ki gen enpak epi ki ekipe avèk yon vwal pou amòti bwi a.

Depi pilye asye a enstale, yo mete ranfòsman asye a ak beton an nan pilye a. Answit, yo ajoute yon kouwòn pilye a nan pilye a, ki gen ladan yon fòm beton ki koule davans ki flote nan pozisyon an. Kouwòn pilòn trave prensipal la ap bezwen apeprè 6.000 yad kib beton.

Yo itilize beton an nan pilye yo pou New NY Bridge ap fèt nan yon santral beton k ap flote sou chantye a, yon fason pou kamyon an pa bezwen fè livrezon nan lari vil ak vilaj lokal yo.

Aprè yo fini kouwòn pilye yo, yo bati pilye beton yo nan nivo dlo a pa anwo. Lè yo rive nan wotè kòrèk, yo konstwi yon kouwòn pilye beton. Kouwòn pilye a ap sipòte asye fondasyon an k ap sipòte wout la tou. Pou pilòn trave prensipal la, beton an ap kontinye jouk lè pilòn yo rive nan dènye wotè yo – 419 pye anlè sifas rivyè a.

Lè pilòn yo fini, y ap konstwi kab ak wout nan pilòn yo k ap bay nan toulède direksyon yo. Lè yo mete yon twonson wout la anplas, y ap enstale kab asosye yo, y ap enstale pano tabliye yo epi y ap vide beton anplas ki konekte bann yo.

### **Enfòmasyon sou New NY Bridge**

Anba kalite dirijan Gouvènè Cuomo epi avèk sipò Prezidan Barack Obama ak gouvènman federal la, pwojè New NY Bridge sòti nan disfonksyonman pou rive nan etap konstwiksyon. Depi mwa oktòb 2011, etap ki fèt yo gen ladan: nouvo lwa plan-konstwiksyon te adopte; pwosesis revizyon sou anviwònman ak akizisyon te fèt anmenmtan; yo te negosye yon akò travay sou pwojè a avèk sendika konstwiksyon an; epi aktivite yo te kòmanse anvan konstwiksyon an – tout avèk yon nivo transparans ak patisipasyon kominote ki pa t janm genyen anvan.

Gwo mezi ap anplas pandan tout dire pwojè a pou pwoteje anviwònman an epi pou kontwole konsekans konstwiksyon an sou kominote toupre yo.

Yo prevwa depans total konstwiksyon New NY Bridge ap mwens pase \$4 milya dola, pi piti pase premye estimasyon \$5,4 milya dola ki te jwenn apwobasyon gouvènman federal la. Kontra plan-konstwiksyon pou pon an pral ede kenbe pwojè a nan limit bidjè ak alè paske se antreprenè ki lakòz risk finansye ki asosye avèk pifò depasman nan depans yo oswa reta nan kalandriye a, alapas peyè tòl yo oswa kontribiyab yo.

Tappan Zee Constructors, LLC (TZC) ki fè plan an epi ki konstwi pon an. Yo se yon konsòsyòm kèk nan antrepriz plan, jeni ak konstwiksyon yo pi byen konnen nan lemonn epi ki gen pi bon repitasyon, tankou Fluor, American Bridge, Granite, and Traylor Bros., along with key design firms HDR, Buckland & Taylor, URS, ak GZA. TZC ap travay nan tèt ansanm sou pwojè a avèk yon ekip anlwaye New York State Thruway Authority ak Depatman Transpò Eta a.

Yo te diskite pou premye fwa sou plan pou yon nouvo pon pou ranplase Tappan Zee nan ane 1999, epi sou pwochen 11 ane yo, yo te depanse \$88 milyon dola nan lajan kontribiyab yo, yo te fè 430 reyinyon, yo te konsidere 150 konsèp – men pwojè a pa t vanse ditou.

Pon Governor Malcolm Wilson Tappan Zee Bridge ki la deja epi ki gen tòl te louvri pou sikilasyon an nan ane 1955 epi li se yon twonson enpòtan pou sitwayen yo, pasaje yo, vwayajè yo ak sikilasyon komèsyal la. Pon an deziyen pou sikilasyon 100.000 veyikil chak jou. Sikilasyon chak jou a te vin ogmante a apeprè 138.000 veyikil. Nan dènye ane yo, yo te depanse anpil santèn milyon dola pou antreteni fondasyon an. Gwo sikilasyon ak mank akotman pou ijans kapab kreye kondisyon ki danjere pou kondi sou pon an epi ki ka lakòz blokis souvan ak fwistrasyon pou chofè yo.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418